# आकाशवाणी, गोरखपुर

<u>दिनांक–30 मार्च 2026</u> <u>भोजपुरी समाचार</u>

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में आंगनबाड़ी कार्यकर्त्री आ मुख्य सेविका लोगिन के स्मार्ट फोन आ नियुक्ति पत्र वितरण कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि पछिला नौ सालि में डबल इंजन के सरकार के कोसिसन के जमीनी स्तर पर साकार कइले में आंगनबाड़ी कार्यकर्त्री आ सहायिका लोगिन क खास भूमिका रहल हौ।

***प्रधानमंत्री जी ने हर आंगनबाड़ी कार्यकत्री और आंगनबाड़ी सहायिका को उनकी भूमिका को देखते हुए आपको उपाधि दी है कि यशोदा मइया ने जो भूमिका कृष्ण कन्हैया के लिये की थी वही भूमिका आज के परिप्रेक्ष्य में आपकी है।***

मुख्यमंत्री कहलें कि सरकर आंगनबाड़ी केन्द्र क नेई मजबूत कइ रहलि हौ। एकर सुखद नतीजा सबके सामने बा। येह मौका पर आधुनिक सुविधा से सुसज्जित आंगनबाड़ी केन्द्रन के नया भवन के डिजाइनो क विमोचन कइल गइल।

येह कार्यक्रम क मऊ आ बस्ती के सथहीं प्रदेस के कई जिलन में सीधा प्रसारण भइल। येह मौका पर कई जिलन में ओइजा क जनप्रतिनिधि आ अधिकरियो लोगि आंगनबाड़ी कार्यकर्त्री आ सहायिका लोगिन के नियुक्ति पत्र बंटलें।

**********

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक आजु कुशीनगर दौरा पर पहुंचलें। उहां के ओइजा के फाजिलनगर सामुदायिक स्वास्थ्य केन्द्र क निरीक्षण कइलीं आ अधिकारी लोगिन के जरूरी निरदेस दिहलीं। एकरे बादे पत्रकार लोगिन से बतियावत उहां के सरकार कै पछिला नौ सालि क उपलब्धी गिनवलीं। श्री पाठक कहलें कि प्रदेस सरकार क लक्ष्य हर मनई ले उच्च स्तर क चिकित्सा सुविधा पहुंचावल हौ।

**********

वाराणसी में बिहने 'एमपी–यूपी सहजोग सम्मेलन दुइ हजार छब्बीस' क आयोजन कइल जाई। येह सम्मेलन में मध्य प्रदेस क मुख्यमंत्री मोहन यादव के अगुआई में प्रतिनिधिमण्डल हिस्सा लेई। हमरे वाराणसी प्रतिनिधि बतवलें कि सम्मेलन क उद्देस्य निवेस, निर्यात, ओडीओपी, जीआई टैग उत्पादन, पारम्परिक शिल्प आ पर्यटन के क्षेत्र में उत्तर प्रदेस आ मध्य प्रदेस के बिच्चे सहजोग के बढ़ावा दीहल हौ।

**********

प्रदेस सरकार एक अपरैल दुइ हजार छब्बीस से सुरू हो रहल नया सैक्षणिक सत्र में सज्जो माध्यमिक स्कूलन में भिन्नहीं प्रार्थना सभा–मॉर्निंग एसेंम्बली के दौरान समाचार पत्र पढ़ले क सत्र अनिवार्य कइ दिहले हौ। ई फैसिला छात्रन में सम–सामयिक मुद्दन, सामान्य ज्ञान आ पढ़ले क आदति के बढ़ावा दिहले के उद्देस्य से लिहल गइल बा।

**********

जनगणना दुइ हजार सत्ताइस महिला अपरैल से सुरू होई। ई आजादी के बाद के अठवां आ येह श्रृंखला क सोरहवां जनगणना होई। आजु नई दिल्ली में संवाददाता सम्मेलन में महारजिस्ट्रार आ जनगणना आयुक्त मृत्युंजय कुमार नारायण बतवलें कि जनगणना दुइ फेरा में आयोजित कइल जाई। श्री नारायण कहलें कि पछिला फेरा में घरे–घरे क सूची बनी आ स्व–गणना कइल जाई।

**जनगणना की तैयारियां अब अग्रिम अवस्था में पहुंच चुकी है और अब से कुछ एक दिन में ही फील्ड का कार्य प्रथम चरण प्रारंभ होने जा रहा है। जनगणना एक वृहद कार्य है। इसमें केन्द्रीय स्तर पर और राज्यों के स्तर पर संघ शासित प्रदेशों के स्तर पर विशद तैयारी चलती है, तो यह जनगणना दो चरणों में संपन्न होती है और इस बार आंकड़ों का संग्रह डिजिटल माध्यम से किया जाना है।**

**********

वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन संसद में भारतीय अर्थव्यवस्था के मजबूती क जिकिरि करत कहलिनि कि रूपिया क मूल्य बजारि से प्रेरित बा आ वैस्विक अनिस्चितता के बवजूद भारत क व्यापक आर्थिक आधारभूत तत्व मजबूत बनल बा। आजु लोकसभा में रूपिया के अवमूल्यन पर प्रस्नकाल के दौरान जबाब देत वित्त मंत्री कहलिनि कि भारतीय अर्थव्यवस्था क आधारभूत संकेतक मजबूत बा।

***भारत की इकोनॉमी एक दम स्टॉन्ग है। हमारे फॉरन सिस्टम सिच्युएशन स्टॉन्ग है और सिस्टम डेफिसिट पांच साल में कैसे मेनटेन करते आ रहे है। इसके ऊपर पूरी दुनिया में प्रशंसा हो रही है। हमारे फॉरन एक्सचेंज रिजर्व इतना साफ बरकरार है, सॉलिड भी है। इसके कारण आज हम डॉलर की व्यवस्था को पूरी दुनिया देख रही है। हर एक इमर्जिंग मार्केट्स का इकोनॉमी के साथ भारत की तुलना में हमारे रूपया ठीक चल रहे हैं।***

**********

काशी विश्वनाथ मंदिर में आजु एगो बिसेस प्रार्थना सभा क आयोजन कइल गइल, जेहमें तमिलनाडु से आइल एक सौ दस सरधालुअन क समूह हिस्सा लिहलस। येह कार्यक्रम में सरधालुअन के ओरि से प्राचीन तमिल ग्रंथ 'तिरूवासगम' क सम्पूर्ण पाठ कइल गइल। ई पवित्र ग्रंथ महान संत 'माणिक्कवाचगर' के ओरि से रचित हौ आ भगवान शिव के प्रति समरपण क प्रतीक मानल जाला।

**********

मौसम विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में आजु, बिहने आ पहिला अपरैल के कहीं–कहीं बरखा आ गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ।

**********